

EGZANP VÈZYON ADAPTE / SENPLIFYE

Konsèy pou devlope konpetans ak konpreyansyon timoun yo lè yo lakay

Avan ou li / rakonte :



Ede timoun yo prepare lespri yo pou istwa a pran tan pou w pale sou:

1) Kouvèti (po) liv la

Li tit la epi pale de imaj ki sou kouvèti a. Mande timoun yo kisa yo konnen deja sou sijè a.

Egzanp: pou liv ki gen tit « Chen grangou a », ou ka di :

1. kisa sa vle di grangou,
2. diferan kalite chen ki genyen nan rejyon w lan,
3. kisa chen konn manje,
4. poukisa moun gade chen,
5. poukisa yon chen ka grangou,
6. ki kote li ka jwenn manje.

Elèv nan fen premye sik fondamantal / 2e sik fondamantal gen kapasite pou pale de lòt liv oubyen travay yo te fin fè lekòl yo ki gen rapò ak sijè sa a.

Egzanp: nou te pale de divès kalte zannimo nan Syans. Chyen yo manje vyand ak manje vejetal.

2) Imaj yo

Pandan n ap fè ti vwayaj nan liv la, pale de sa nou wè nan chak imaj. Sa ka ede entwodui lide nan istwa a/ tèks la.

Egzanp kesyon ou ka poze:

1. Kiyès oubyen kisa ki sou imaj la?
2. Kisa k ap pase?
3. Eske l ap pase nan menm lè ak imaj nan paj avan an?
4. Kisa ki ka pase apresya?



Konsèy pou paran ak sipleyan

3) Mo nouvo ki difisil

Pandan w ap vwayaje nan liv la, pale de tout mo timoun yo ka pa konprann. Bay egzanp pou montre sa mo a vle di.

Egzanp: «mo sa endike chèche. Eske ou konnen ak kisa yon chen sanble lè l ap chèche yon bagay? Pafwa, nou chèche soulye nou lè nou pa jwenn yo.»

Elèv yo dwe kapab pwente mo ke yo pa konnen oubyen yo panse ki difisil pou yo.

Pandan lekti a, Poze kesyon:

Li bon pou verifye si timoun yo sonje ak konprann evenman enpòtan nan tèks la, men pa poze anpil kesyon ki ka fè istwa vin san sans. Ou ka poze plis kesyon lè w fin li tèks la.



Ou ka poze kèk kesyon tankou :

1. Ki pèsonaj nou te rankontre jiskaprezan nan istwa a ?
2. Kisa yo ap fè ?
3. Ki kote yo prale ?
4. Poukisa yo te ___ ?
5. Kòman yo te ___ ?
6. Kòman ou panse pèsonaj la santi li ?
7. Kòman ou fè konnen ?
8. Eske ou konnen kisa mo ----- vle di ?
9. Kisa w t ap fè si ___ ?
10. Ki sa w panse ki pral pase aprè ?

KOWONAVIRIS COVID-19 Gid pou konpreyansyon lekti

Ann li pou nou wè si w gen rezon.

1) Sonje tèks la


Aktivite sa yo pèmèt timoun yo montre konpreyansyon yo sou liv la epi ranfòse lide enpòtan sou tèks la.

Fè jès : timoun yo ka jwe yon sketch / jwe istwa a. Yo ka swete ajoute pwòp dyalòg oubyen lide pa yo.

Mete imaj : mande timoun yo desine / montre byen sèn ki pi enpòtan nan istwa a oubyen itilize kèk materyo natirèl pou reprezante pèsonaj yo, dekorasyon ak evenman yo. Timoun yo ap esplike kisa yo kreye pou yo rakonte istwa a.

5 Dwèt t k ap pale (# 1): Itilize yon dwèt pou chak detay kle nan istwa a

1. Kiyès pèsonaj yo ye ?
2. Kilè sa te rive ?
3. Kisa pèsonaj nan istwa a te fè ?
4. Ki kote istwa te pase ?
5. Kijan istwa te fini ?
6. Poukisa pèsonaj la ___ ?
7. Plizyè kalite kesyon konsa :
8. Kòman ___ te rezoud pwoblèm nan ?
9. Kòman ___ li atenn objektif li ?
10. Poukisa nou panse que _____ te vle ___ ?



Tèks enfòmasyon : adapte strateji 5 dwèt k ap pale : timoun yo dwe itilize 5 dwèt yo pou rakonte 5 bagay apati yon tèks enfòmasyon.

Mande timoun yo si te gen lide nan tèks la ke yo pat konnen avan sa.

2) Koneksyon avèk lòt istwa/ aprantisaj

Esplike nan kisa lide nan istwa/tèks la te sanble ak lòt istwa oubyen liv ke timoun yo te li oubyen tande.

Elèv fen premye sik fondamantal / 2e sik fondamantal dwe kapab idantifye kòman lide tèks aplike nan kontèks lakay nou.

Egzanp: yon istwa sou yon aksidan ki fèt sou wout la ta dwe menmen timoun yo reflechi sou aksidan ki fèt nan rejyon kote yo rete epi ki mwayen pou yo rete an sekirite lè y ap deplase.

Egzanp: yon tèks enfòmasyon sou plant yo – elèv yo ka idantifye plant yo nan jaden lakay yo oubyen nan zòn nan, kòman yo itilize plant yo, plizyè pati / estrikti plant lan, kòman plant yo pouse (sou tè a oubyen anba tè la, tankou yon pyebwa, yon pye rezen, yon raje, zèb), ki plant nou bezwen pou nou viv (agrikilti), ki plant yo vann nan mache.



COVID-19 Gid konpreyansyon lekti:

Konsèy pou paran ak sipleyan yo

Propoze pa :

Gwoup enterè pou konpreyansyon lekti.

Tradui ak edite pa : Pwojè Lacreads / USAID

